# Хаджеты Таймуразы райгуырдыл сæххæст уыдзæн - 70 азы.



# Иры урс бæрзæндты барæг.

ЙÆ МАДЫ ДЗИДЗИЙЫ ХЪУЫРТТИМÆ
ИРОН ÆВЗАДЖЫ РÆСУГЪД ЗÆЛ
ЙÆ УÆНГТЫ КÆМÆН АХЪАРДТА , ЙÆ ТЫХ ÆМÆ
ХЪОМЫС ЫН УДÆЙ ЧИ БАНКЪАРДТА, ЙÆ
ФЫДЫ УÆЗБЫН НЫХАСЫ ЙÆ АДÆМЫ ИС-
ТОРИОН УÆЗЗАУ ФÆНДАГ ЧИ РАИРТÆСТА
ÆМÆ СФÆЛДЫСТАДОН БАЗЫРТÆ КÆУЫЛ
БАЗАД, УЫДОНÆЙ УЫД ПОЭТ
ХАДЖЕТЫ( ДЖУСОЙТЫ ) ТАЙМУРАЗ.
ХАДЖЕЙЫ-ФЫРТÆН КÆД ЦÆРЫН БИРÆ
НÆ БАНТЫСТ , УÆДДÆР АРФÆЙАГ
ФÆД НЫУУАГЪТА ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ.

«ÆЗ КУЫ АМÆЛОН, УÆД-ИУ МЫЛ
ДЫ, МÆ ХÆЛАР, МА КÆ ХЪАРÆГ!
-КÆС, - ЗÆГЪ-ИУ – ТÆХЫ ÆВДИУАУ,
ИРЫ УРС БÆРЗÆНДТЫЛ БАРÆГ!»



# Рагуырд 1 мартъийы 1945 азы Ногхъæуы Хуссар Ирыстоны.



1964 азы каст фæци Цхинвалы 1-æм астæуккаг скъола. Батумы службæ кодта арæн хъахъхъæнæг æфсæддон хайы.



Цæмæй сфæлдыстадоны къæпхæнтыл сæрибарæй хиза, æмæ ма уа йæ хистæр æфсымар Джусойты Нафи аууон,кæцы уæды рæстæджы уыди зындгонд фыссæг, иртасæг æрмæст Кавказы æмæ Уæрæсейы дар,уый тыххæйТаймураз райста фæсномыг йæ фыдæлы ном Хаджеты.



**Джусоты Таймуразы-æфсымæр Нафи.**

1968 азы Хаджейы-фырт бацыди Мæскуыйы Горкийы номыл Литературон институтмæ æмæ йæ каст фæци 1973 азы .



Æппæты хуызджер дзырдтæ,æппæты хуыздæр фæткыл куы равæрай,уæд уый у Поэзи. Чи зоны,афтæ дæр у, фæлæ ма уыимæ æнæмæнг хъуамæ уа уырзæй бавналæн нæ, фæлæ, зонд кæй нæ ахсы æмæ зæгъæн дæр кæмæн нæй, ноджы ахæм æбæрæг цыдæр. Æвæццæгæн, нæ фыдæлтæ Хуыцауы комытæф уый хуыдтой. Æвæццæгæн, сæйрагдæр уый кæны афтæ зæрдæскъæфгæ Хаджеты Таймуразы сфæлдыстад, æмæ йын йæ ныхасмæ адæймаг сагъдауæй уымæн аззайы.



«Горæт аныгъуылд мигъы,
Тар æууилы йæ рæстæджы хай.
Мах, хъæдласæджы дзоныгъау,уигъы,
Афтид трамвай
Зæрдæ-донгуырæн а бон.
Ног уым абухы цардæн йæ хин.
Ды-мæ фæстиат амонд Ма уадз уарзын дæхи».

Таймураз æрмæст поэт нæ уыд, фæлæ ма уыд тæлмацгæнæг дæр, ноджы зарыд тынг рæсугъд, йе мдзæвгæтæн иу æрхъуыды кодта цагъд, æмæ сæ зарыд йе мбæлттæн.



Хаджеты Таймуразы чингуытæ рухсмæ рацыдысты. «Фæндæгты фарн»,»Фыдæй-фыртмæ»,»Фæсизæр».






# Хаджеты Таймураз амард 1996 азы.



# Хаджеты Таймуразы цырты раз. Нафи.

**СÆРЫСТЫР, ХИВÆНД ЛÆГ, ЫСХЪÆЛ,-**
**ФÆДИСЫ,САУ КУЫСТЫ,НЫХАСЫ!...**
**ЙÆ АРМЫ-ЦИРХЪЫ НЫХМÆ ХЪÆЛ,**
**УÆДДÆР-ХЪАЗУАТЫЛ ЛÆУД ÆДАСÆЙ.**

**ЙÆ УÆЛИНГÆН ЙÆ ЦЫРТ-НЫМÆР,**
**КÆСЫ ЙÆ ЦÆХÆР ЦÆСТ ÆРХУЫМÆЙ...**
**ТЫХСТÆН ЙÆ СОНТ МИТÆЙ КÆДДÆР,**
**НЫР ТА?..КÆЙ СÆ НАЛ КÆНЫ, УЫМÆЙ!...**